



Odisyon Piblik Vityèl sou Plannifikasyon

Ranplasman Sipèstrikti Maffa Way ak Mystic Avenue

Kisa k ap pase ?

Gen yon Odisyon Piblik Vityèl sou Plannifikasyon ki pral poste an dirèk sou pòtay entènèt MassDOT pi ba la a pou prezante plan yo pwopoze pou pwojè Ranplasman Sipèstrikti Maffa Way ak Mystic Avenue nan Boston ak Somerville, MA.

Ki konsekans sa pral genyen pou ou ?

MassDOT pral prezante pwojè Ranplasman Sipèstrikti Maffa Way ak Mystic Avenue ki pase anlè Orange Line ak MBTA/BMRR la. Nimewo pon sa yo, se B-16-067(3GV) ak B-16-027(3GW) respektivman. Maffa Way pral genyen yon twotwa 12 pye sou bò sid pon an, avèk yon bann pou bisiklèt ale-retou ki gen 10 pye lajè ak yon medyàn siman an relyèf. Mystic Ave. pral genyen yon twotwa 12 pye sou bò nò pon an, ki pral sèvi pou pyeton ak bisiklèt, avèk yon separasyon vizyèl 1.5 pye nan mitan.

Kilè

Mèkredi 2, 2022

6:00 PM

Patisipe nan adrès sa a :

www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings



Sonje sa, reyinyon sa a pral anrejistre.

Enfòmasyon yo pral afiche sou pòtay
entènèt la depi 9 mas 2022.



Reyinyon sa a louvri pou moun ki andikape, ak moun ki pa pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak / oswa bay sèvis entèprèt gratis lè moun mande, si gen ka. Pou mande akomodasyon oswa sèvis entèprèt, ou mèt kontakte Responsab Divèsite ak Dwa Moun MassDOT la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa TTD/TTY (pou moun ki pa tande byen) nan nimewo (857) 266-0603, oswa nan faks nan (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonnik (MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann yo dwe fèt pi bonè ki posib anvan dat reyinyon an, epi pou aranjman sèvis ki pi difisil yo, tankou lang siy, CART, oubyen tradiksyon ak entèpretasyon, demann yo dwe fèt omwen dis jou ouvrab anvan dat reyinyon an.

Pou enfòmasyon sou pwojè a, voye yon mesaj elektwonnik nan adrès : dotfeedbackhighway@dot.state.ma.us

Si ou gen yon deklarasyon ekri sou aktivite yo pwopoze yo, voye li nan adrès sa a : Carrie E. Lavallee, P.E., Acting Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02216, Attention: Major Projects, PROJECT FILE NO. [FILE NO.]